# Дарсил тема:
# Ц1адаса Х1амзат
# «Г1умруялъул дарсал ».
# 8 класс

## Дарсил мурад:

- Хъвадарухъанасул г1умру ва творчество лъималазе рагьизе.
- Дандекквеялъул х1акъалъулъ авалияб баян кьей ва гьелъул к1вар рагьи.
- Ц1алул бажари борхизаби.
- Г1адатаб анализалдалъун гьудуллъи – вацлъи нилъер къуват бук1ин баян гьаби.

« Къаникь вукъаниги,

хвел букıунаро,

Халкъалда

нур барал

асарал

тедал»

**Цıадаса Хıамзат**

6.4.13


www.sochi-mountain.ru

# Викторина:

**1.** Кинаб коч1олъан гьал мухъал росун ругел?
Ват1ан эркен гьабизе,
Квер биххарав багьадур,
Дуде инкар гьабурал
Квег1аб рахъалъ ккун буго.

**2. Бух1араб бакъул къоялъ**
**Х1еренго балеб ц1адакь**
**Царай ч1ужу ячунеб**
**Вечералда рук1ана.**

**3.** **Кида гьавурав ва хварав Ц1адаса Х1амзат ?**

**1) 1877 - 1951.**
**2) 1923 – 2003.**
**3) 1934 – 2001.**

**4. Ц1адаса Х1амзатил** кеч1 кинаб кколеб?

1) **«Дир г1умру»**
2) **« Ашбазалде »**
3) **«Къисмат»**

**Гъванща хъах1лъаниги,**
**хъах1баяб г1амал**
**Г1одобе рехизе хиял гьабич1о,**
**Херлъун ригь аниги ,**
**Ругьунаб пиша,**
**Гьунарлъун бихьана бихьин-**
**г1анхрида.**





**Хунзахский район селение Цада**

«Дун къватIиве лъугьараб къо-моцI лъазе кIоларо».

« Дир гIумру»

# Хӏамзатил ирс ва дарсал

Эбел- инсул адаб цӏуне,цӏикӏкӏарасул хъатир гьабе;

Хъизан-лъимал тарбия кьун,тадбиралда ругьун гьаре.

Рекъал- бецал загӏипазде ,зияратал гӏемер гьаре;

Заманаялъ мугъ рехарал,харабазда гурхӏел гьабе.

Ретӏунеб ратӏлидаса дур ,тӏабигӏат берцинаб букӏа;

Бицунеб рагӏиялдаса ,гьабулеб жо лъикӏаб букӏа.

# 1. Дарс –адабалда бараб

Пасихıаб мацı ,цıодораб ракı ,

Кıиябгоги къваригıунеб.

# 2. Дарс-чIухIиялда бараб

Воре чIухIи гIодоб рехе,

ГIадамал кквезе гьин рехе,

ГIамал гьитIинавлъун вукIун ,

Гьалмагъзабазе гъин гьабе.

# 3. Дарс -мацӀалда хурхараб

Цин цебе гӀузру лъачӀого ,

Лъиданиги гӀайб чӀваге,

ГӀадамаздаса ничаб жо

Чи гьечӀелъубги гьабуге.

# 4. Дарс -гΙакълуялда бараб

Гьеб жо гьедин гурин абун,

Дуда гьикъичΙеб жоялъе

Эсда данде инкар ккоге,

Жаваб кьезеги лъугьунге.

## 5. Дарс - гьудул-гьалмагълъиялде

Цо тушманги гІемерилан ,

Азарго гьалмагъ дагьилан,-

Пикру бугеб агьлуялъе

Гьебги гІураб рагІи буго.

# 6.Дарс-хIикматалда бараб

Цо жо лъани ,гIадамаца
ГIемералде дагIба бала,
Лъаларев чи вуцIцIун чIани,
Жаниб хилап тIагIун уна.

# 7.Дарс-реццалда бараб

Кигıан уяб букıаниги ,

Мунго дуцаго веццуге,

«Дун», «дие», «дир», «дицайилан»

Цıекıал рагıаби рицунге.

# 8.Дарс-гӀакълу инсан ворцунеб жо

Гӏакълу буго гӏадамасул
Гаданлъи  борцуне жо.
Битӏарабги тӏекъабги жо
Жанисан бигьулеб матӏу.

«Гьудул нусгоги дагьав,
тушман цоги гIемерав»



Рокъобе: Цӏадаса Хӏамзатил

микьабго дарс

рекӏехъе лъазаби.

Баркала къо-мех лъикI!